



**NEW YORK CITY DEPARTMENT OF
HEALTH AND MENTAL HYGIENE**

Oxiris Barbot, MD
Commissioner

**Bureau of Child Care
125 Worth Street
NY, NY 10013**

26 fevriye 2020

Chè fanmi,

Semèn sa a, Sant pou kontwòl ak prevansyon maladi (Centers for Disease Control and Prevention) te pale sou opsyon posib nan sa ki ka fèt si ta gen yon enfeksyon moun-a-moun viris Coronavirus la nan Etazini, ladan rekòmandasyon pou pwogram gadri timoun konsidere.

Nan nivo nou ye a, li enpòtan pou tande bonjan enfòmasyon an epi pou pa aji dapre laperèz. Nan moman an, yo pa konfime okenn ka nouvo tip viris Coronavirus la nan Vil Nouyòk, epi risk pou moun k ap viv Nouyòk rete ba.

Men, fason viris la transmèt nan lòt peyi fè nou vin pi enkyete, epi n ap prepare pou posiblite si ta vin gen yon enfeksyon moun-a-moun nan Vil Nouyòk. Mezi nou mete anplas yo si ta gen yon enfeksyon lokal moun-a-moun pral depann sou kantite moun ki afekte ak sou gravite jeneral maladi nou rankontre nan vil nou an. Depatman sante NYC ap prepare avèk anpil vijilans pou tout senaryo posib, epi n ap kontinye suiv ak fè komunikasyon sou nenpòt enpak posib sa ta genyen pou founisè gadri nou yo.

Pa gen plan pou nou fèmen pwogram gadri kounye a. Se yon dènye mezi ki ka deranje lavi toulejou, epi desizyon pou nou ta aplike li ap depann sou lòd ekspè sante piblik.

Tout moun Nouyòk sipoze kontinye pratike mezi prekosyon abityèl pou prevansyon grip ladan:

- Kouvri bouch ou ak nen w avèk yon mouchwa an papye oswa manch rad ou
- Lave men w regilyèman
- Evite manyen figi w
- Evite gen kontak avèk moun ki malad
- Pran vaksen kont grip (flu shot) – li pa janm twò ta
- Rete lakay ou si w santi w pa pote w byen. Rele doktè w epi fè l konnen sentòm ou genyen ak ki kote ou te vwayaje.

Tanpri li Kesyon yo poze souvan ki disponib nan schools.nyc.gov, oswa ale sou nyc.gov/health nenpòt lè pou jwenn mizajou ki enpòtan.

N ap kontinye kominike aklè avèk pwogram gadri yo osijè efò n ap fè konsènan viris Coronavirus la.

Avèk senserite,

Simone C. Hawkins
Komisè Asistan
Biwo Swen Timoun
Divizyon Sante Anviwònman